

# Sistèm Chofaj pou Restoran Deyò



Pandan mwa sezon ivè li fè pi frèt yo, li kapab vin difisil pou kenbe kliyan yo alèz pandan y ap manje deyò. Pou li ede, Pwogram Restoran Louvri Vil la pou restoran sou twotwa ak wout pèmèt etablisman ki vann manje ak bwason yo enstale sistèm chofaj deyò.

Vil New York pèmèt mèt restoran yo fè chwa ant twa (3) kalite sistèm chofaj deyò ki differan pou enstale restoran yo deyò:

- 1. Aparèy Chofaj Elektrik**
- 2. Aparèy Chofaj ki Mache ak Gaz Natirèl**
- 3. Aparèy Chofaj ki Mache ak Pwopàn**

Chak twa (3) kalite sistèm chofaj sa yo gen pwòp pri, avantaj, ak règlemantasyon espesifik pa yo ou dwe respekte. Kèlkeswa sistèm chofaj ou chwazi a, ou oblige asire w yo byen enstale aparèy chofaj yo epi yo itilize yo san danje. Sa vle di pran pwofesyonèl ki gen lisans pou fè travay la, jwenn pèmi lè sa nesesè, epi suiv enstriksyon fabrikan an lè w ap itilize aparèy chofaj yo. Si w pa itilize yon aparèy chofaj jan fabrikan an vle a, sa kapab fè gen gwo risk pou dife pran.

## Sistèm Chofaj Elektrik

Gid senplifye ki pi ba a fèt espesyalman pou mèt etablisman ki vann Manje ak Bwason k ap chèche konsèy sou fason pou yo enstale sistèm chofaj elektrik pou restoran deyò. [Yon gid detaye disponib sou sitwèb nou an la a.](#) Sonje nan Vil New York, yo otorize aparèy chofaj elektrik yo sou twotwa yo ak nan wout yo tou.

### Etap 1 Pran yon Mèt Elektrisyen ki gen Lisans

- Se etap ki pi enpòtan an. Ou pa kapab sote li. Si w vle enstale yon sistèm chofaj elektrik pou restoran deyò, ou dwe pran yon Mèt Elektrisyen ki gen Lisans.
- Pou enstale yon aparèy chofaj elektrik pou restoran deyò, ou ka oblige fè travay sou sistèm kablaj elektrik ki deja nan bilding lan, epi pou enstale priz deyò ki apwopriye yo. Travay sa a mande pou gen pèmi. Se yon Mèt Elektrisyen ki gen Lisans kapab jwenn li. Ou pa kapab fè okenn travay elektrik san yon deklarasyon ki apwouve pou elektrisite ak yon pèmi travay Depatman Bilding (DOB).



- Yon Mèt Elektrisyen ki gen Lisans, ki an règ avèk Depatman Bilding, pral konnen tout règleman ki enpòtan yo, li pral konnen fason pou li jwenn pèmi ki apwopriye yo, epi li pral kapab fè travay kablaj elektrik ki nesesè pou nouvo sistèm chofaj la.
- Ou kapab verifye estati lisans elektrisyen yo nan Vil New York lè w ale sou [sitwèb Sistèm Enfòmasyon sou Bilding \(Buildings Information System, BIS\) Depatman an](#).
- Se yon Mèt Elektrisyen ki gen Lisans ki dwe fè tout travay elektrik nan Vil New York. Li danjere ak ilegal pou yon moun ki pa kalifye fè travay elektrik nan Vil New York.

## **Etap 2 Fè Enspeksyon Ou Yo**

- Depi Mèt Elektrisyen ki gen Lisans lan fin jwenn pèmi pou li fè travay enstalasyon nouvo sistèm chofaj elektrik deyò a, li kapab louvri li lè li estime li san danje epi konplè. Menm si w pa bezwen rete tann yon espeksyon DOB pou louvri sistèm lan, yon espeksyon toujou nesesè epi yo dwe fè li.
- Tanpri sonje menm si kèk ti travay elektrik pa mande enspeksyon DOB, enstalasyon nouvo kablaj ak pris yo mande sa. Epitou, si yo enstale yon nouvo panèl elektrik, fòk yo fè yon premye enspeksyon elektrik anvan yo voye kouran nan panèl sa a. Pou tout enspeksyon ki nesesè yo, elektrisyen w lan kapab fè yon demann pou enspeksyon ofisyèl nan DOB. Depi li fin fè demann lan, DOB pral voye yon enspektè kote a pou asire li tout bagay san danje epi respekte kòd yo.

## **Etap 3 Limen Sistèm Chofaj ou a**

- Kounye a, yo fin byen enstale ak enspekte sistèm chofaj elektrik ou an, pèsònèl restoran w lan kapab limen li pou fè li fonksyone.
- Sonje pou toujou suiv enstriksyon fabrikan an lè w ap itilize sistèm chofaj elektrik la, tankou enstriksyon sou fason pou plase aparèy chofaj yo ak fason pou byen mare yo.

## **Sistèm Chofaj ki Mache ak Gaz Natirèl**

Gid senplifye ki pi ba a fèt espesyalman pou mèt Etablisman ki vann Manje ak Bwason k ap chèche konsèy sou fason pou yo enstale sistèm chofaj ki mache ak gaz natirèl pou restoran deyò. [Yon gid detaye disponib sou sitwèb nou an la a](#). Sonje nan Vil New York, yo otorize chofaj ki mache ak gaz natirèl yo sou twotwa yo sèlman. Ou pa gen otorizasyon pou deplase yo mete yo nan wout yo.

## **Etap 1 Pran yon Mèt Plonbye ki gen Lisans**

- Se etap ki pi enpòtan an. Ou pa kapab sote li. Si w vle enstale yon sistèm chofaj ki mache ak gaz natirèl pou restoran deyò, ou dwe pran yon Mèt Plonbye ki gen Lisans.
- Pou enstale yon aparèy chofaj ki mache ak gaz natirèl pou restoran deyò, yo ka oblige travay sou sistèm kanalizasyon gaz natirèl ki déjà nan bilding lan. Travay sa a mande pou gen pèmi. Se yon Mèt Plonbye ki gen Lisans ki kapab jwenn li. Ou pa kapab fè okenn travay gaz san yon deklarasyon LAA ki apwouve ak yon pèmi travay DOB.
- Yon Mèt Plonbye ki gen Lisans, ki an règ avèk Depatman Bilding, pral konnen tout règlemantasyon ki enpòtan yo, li pral konnen fason pou li jwenn pèmi ki apwopriye yo, epi li pral kapab fè travay plonbri pou gaz ki nesesè pou nouvo sistèm chofaj la.
- Ou kapab verifye estati lisans bòs plonbye yo nan Vil New York lè w ale sou [sitwèb Sistèm Enfòmasyon Bilding \(Buildings Infòmation System, BIS\) Depatman an](#).
- Se yon Mèt Plonbye ki gen Lisans oswa yon moun ki gen kalifikasyon pou fè travay gaz ki dwe fè tout travay plonbri pou gaz nan Vil New York. Li danjere ak ilegal pou yon moun ki pa kalifye fè travay gaz nan Vil New York.

## Etap 2 | Fè Enspeksyon Ou Yo

- DOB - Depi Mèt Plonbye ki gen Lisans lan fin jwenn pèmi pou li fè travay enstalasyon nouvo sistèm chofaj ki mache ak gaz natirèl deyò a, ou pral oblige fè DOB enspekte travay la. Plonbye w la kapab fè yon demann pou enspeksyon ofisyèl nan DOB. Depi li fin fè demann lan, DOB pral voye yon enspektè kote a pou asire li tout bagay san danje epi respekte kòd yo.
- FDNY - Apre enspeksyon DOB a, yon lòt enspeksyon FDNY nesesè pou asire travay la respekte Kòd Ensandi Vil New York la tou. Mèt Plonbye ki gen Lisans lan kapab pwograme enspeksyon sa a avèk FDNY tou. Ou dwe pran pèmi FDNY ak Sètifikasi Kalifikasyon yo nan men FDNY pou li kapab itilize sistèm chofaj ou fenk enstale ki mache ak gaz natirèl la.
- Konpayi Sèvis Piblik - Apre yo fin fè tout enspeksyon w yo, Mèt Plonbye ki gen Lisans lan kapab rele konpayi sèvis piblik lokal ou a, ki pral kapab aktive sèvis gaz pou nouvo sistèm chofaj ou genyen ki mache ak gaz natirèl la.

## Etap 3 | Limen Sistèm Chofaj ou a

- Kounye a, yo fin byen enstale ak enspekte sistèm chofaj ki mache ak gaz la pou ou, epi konpayi sèvis piblik la aktive sèvis gaz la, pèsonèl restoran w lan kapab limen li pou fè li fonksyone.
- Sonje pou toujou suiv enstriksyon fabrikan an lè w ap itilize sistèm chofaj ki mache ak gaz natirèl la, tankou enstriksyon sou fason pou plase aparèy chofaj yo ak fason pou byen mare yo.

## Aparèy Chofaj ki Mache ak Pwopàn

Aparèy chofaj ki mache ak pwopàn yo se eleman chofaj endependan ki depannde bonbòn gaz pwopàn yo kapab ranplase anndan aparèy chofaj yo pou pwodui chalè.

Aparèy chofaj sa yo pa mande pèmi ni enspeksyon DOB, men yo pliye anba règlemantasyon FDNY yo.

Tanpri ale sou sitwèb FDNY a pou jwenn enfòmasyon ki detaye sou fason pou itilize aparèy chofaj ki mache ak pwopàn pou restoran deyò nan Vil New York.